

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan


Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalayan métode déskriptif. Pamarekan kualitatif biasana digunakeun pikeun nganalisis data anu teu bisa diitung ku angka. Métode déskriptif teu bisa leupas tina panalungtikan kualitatif lantaran luyu jeung pamadegan Bogdan & Taylor dina Moleong (2015, kc. 4) anu nétélakeun yén panalungtikan kualitatif minangka prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data déskriptif nu mangrupa kekecapan tinulis atawa lisan tina paripolah manusa anu ditengetan.

Anapon nurutkeun Surakhmad (1994, kc. 139) anu dimaksud métode déskriptif téh nyaéta métode anu museur kana pasualan-pasualan anu dipatotoskeun dina mangsa ayeuna, museur kana pasualan-pasualan nu aktual, biasana data nu dikumpulkeun mimitina disusun, dipedar, tuluy dianalisis.

Lumangsungna métode déskriptif teu ngan saukur kawatesanan nepi ka ngumpulkeun sarta nyusun data, tapi ngawengku analisa sarta interprétasi ngeunaan harti éta data (Surakhmad, 1994, kc. 139). Ku kituna, ieu métode déskriptif dipaké dina panalungtikan sabab dianggap luyu jeung udagan panalungtikan anu maluruh tur medar harti idiomatis, wangun katut pola nu nyampak dina pakeman basa wanda kekecapan nu kapanggih dina novel *Diarah Pati* karya Margasulaksana.

Saluyu jeung pamarekan kualitatif katut métode déskriptif nu digunakeun, perlu disusun desain panalungtikan anu diperlukeun pikeun ngabantuan prosés panalungtikan sangkan puguh léngkah-léngkahna tur bisa ngahontal tujuan panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 175), desain panalungtikan nyaéta rarancang anu nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hal anu baris dilakukeun dina panalungtikan.

Dumasar kana pedaran di luhur, pikeun nyangking hasil panalungtikan nu dipimaksud, ditangtukeun desain panalungtikan nu miboga sababaraha tahapan saperti ieu di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data

NENG NOVI MARDIYANTI, 2018

PAKEMAN BASA WANDA KEKECAPAN DINA NOVEL DIARAH PATI KARYA MARGASULAKSANA PIKEUN BAHAN AJAR PAKEMAN BASA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.2.1 Data

Anu jadi data utama dina ieu panalungtikan nyaéta ungkara anu ngandung pakeman basa dina novel *Diarah Pati* karya Margasulaksana. Anu jadi bahan panalungtikanana nyaéta wangun katut pola kekecapan nu kapanggih, sarta harti idiomatis tina kekecapanana.

3.2.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) nu dimaksud sumber data nyaéta subjék ti mana éta data bisa dicangking. Luyu jeung éta pedaran, dina ieu panalungtikan sumber datana mangrupa dokuméntasi tinulis.

- 1) Judul : Diarah Pati
- 2) Pangarang : Margasulaksana
- 3) Pamedal : PT Kiblat Buku Utama
- 4) Taun medal : 2014
- 5) Jumlah kaca : 198 kaca

Pangarang novel *Diarah Pati* téh nyaéta Margasulaksana. Nurutkeun M.A. Salmun dina Margasulaksana (2014, kc. 5), Margasulaksana téh sandiasmana R. Iting Partadiredja, tapi cara umumna ngeunaan para sastrawan Sunda, henteu aya katerangan anu leuwih écés ti éta. Taya katerangan iraha jumenengna, di mana cicingna, naon pakasabanana, jeung sajabana. Anapon karangan-karangan Margasulaksana séjénna, nyaéta *Dunungan Midua Manah* (1932), *Pahili Beubeureuh* (1935), jeung *Wawacan Nyai Roro Mendut* (1938).

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Kerlinger dina Arikunto (2013, kc. 265), nu dimaksud ngumpulkeun data téh nyaéta néangan informasi nu dilakukeun ku cara ngarekam kajadian, ngitung, ngukur, jeung nyatet. Ku kituna, pikeun ngarojong lumangsungna panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data nu dipaké nyaéta studi dokuméntasi, nu dilaksanakeun ku cara néangan informasi tinulis tina novel *Diarah Pati*. Dina ngumpulkeun data dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap:

- 1) nangtukeun sumber data nu loba ngandung pakeman basa nyaéta novel *Diarah Pati*;
- 2) maca éta sumber data, nu mangrupa novel *Diarah Pati*;
- 3) nyirian pakeman basa wanda kekecapan nu kapanggih dina sumber data; jeung
- 4) nyalin pakeman basa wanda kekecapan kana kartu data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta pakakas atawa fasilitas nu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang sarta hasilna leuwih hadé, dina harti lengkep jeung sistematis sahingga leuwih gampang diolah (Arikunto, 2013, kc. 203).

Sugiyono (2009, kc. 61) nétélakeun yén instrumén utama dina panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtik éta sorangan, tapi satuluyna sanggeus katitén fokus panalungtikanana, kamungkinan bakal dimekarkeun instrumén panalungtikan basajan, anu dipiharep bisa ngalengkepan data tur ngabandingkeun jeung data nu geus kapanggih saméméhna.

Instrumén nu remen dipaké dina panalungtikan nyaéta kuesionér, observasi (langsung, teu langsung, partisipasi), lembaran tés, jeung kartu data (Sudjana, 2015, kc. 58). Pikeun ieu panalungtikan instrumén nu dipaké nyaéta kartu data.

Anapon format kartu data nu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikan saperti kieu.

Tabél 3.1 Kartu Data Analisis

(103)	
sagulung-sagalang (DP/19/11/2)	
Wangun	: kecap rajékan
Pola	: KP+Rdr
Harti	: mindeng silih tulungan, babarengan digawé

Nomor data dijadikeun nomor urut data nu ditalungtik. Data jeung kode data pikeun nulis informasi ngeunaan data nu ditalungtik kalayan format kode singgetan novel nu dijadikeun sumber data/kaca/alinea/kalimah. Wangun, pola, jeung harti dipaké pikeun nuliskeun data hasil analisisna. Conto pikeun data jeung kode data sangkan leuwih jelas; sagulung-sagalang (DP/19/11/2). Hartina data aya dina novel *Diarah Pati* kaca 19 alinea ka 11 kalimah kadua.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Data nu geus dikumpulkeun satuluyna dianalisis. Bogdan & Biklen dina Moleong (2015, kc. 248) nétélakeun yén nu dimaksud analisis data kualitatif téh nyaéta usaha nu dilakukeun pikeun ngumpulkeun, milah-milah, klasifikasi, jeung napsirkeun data.

Anapon téhnik nu dipaké pikeun ngolah data panalungtikan nyaéta téhnik analisis unsur langsung. Léngkah-lengkahna saperti ieu di handap.

- 1) niténan deui data pakeman basa wanda kekecapan nu geus dikumpulkeun,
- 2) ngaruntuykeun data kekecapan sacara alfabétis,
- 3) méré nomor kode data kekecapan,
- 4) nyieun papasingan dumasar wangun kekecapanana,
- 5) maluruh pola nu nyampak dina kekecapanana,
- 6) néangan harti idiomatis tina kekecapanana,
- 7) ngadéskripsikeun hasil analisis, jeung
- 8) nyieun kacindekan jeung saran.